

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa boga peran penting dina kahirupan sapopoé. Basa téh mangrupa salah sahiji hasil budaya manusa anu luhur ajénna, sabab ku ayana basa manusa bisa ngalumangsungkeun prosés komunikasi. Nurutkeun Fitriah, spk. (2020, kc. 186), kagiatan komunikasi biasana sok dilakukeun ku cara paguneman, anu kakara lumangsung lamun aya dua panyatur sabab, henteu sakabéh panyatur paham iraha manéhna kabagéan nyarita. Ku kituna, dina prosés komunikasi bisa timbul ayana salah paham (*miss communication*).

Digunakeunana basa dina prosés komunikasi tangtuna boga maksud jeung tujuan nu rék ditepikeun, éta hal téh biasana ditalungtik ngaliwatan linguistik, utamana widang pragmatik. Saperti anu ditétélakeun ku Levinson (1983, kc. 21), pragmatik téh élmu ngeunaan patalina basa jeung kontéks anu mangrupa dadasar pikeun ngajelaskeun pamahaman éta basa, jadi maham kana hiji ucapan téh ngalibetkeun leuwih ti apal jeung paham kana harti-harti kecap nu diomongkeun sarta hubungan gramatikalna, tapi kudu bisa nyindekeun patalina antara nu diucapkeun jeung harti nu katarima ku panyatur. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Sudaryat, (2020, kc. 89), pragmatik mangrupa dahan semiotik anu maluruh harmonis henteuna adéngan basa jeung makéna basa, nepi ka kapaluruh cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na kontéks situasi. Nurutkeun Sandiansyah & Sudaryat (2017, kc. 219), unggal pamarekan panalungtikan dina basa anu ngawengku tinimbangan kontéks kaasup kana widang studi basa anu disebut pragmatik.

Dina hirup kumbuh masarakatna, basa téh gedé peranna dina prosés komunikasi. Basa raket patalina jeung sistem acuan atawa référénsi tapi, ku ayana sistem acuan atawa référénsi téh ngabalukarkeun ayana ogé kasalahpahaman, kabingung, jeung teu jelasna antara ma'na omongan ti panyatur ka pamiarsa jeung acuan atawa référénsina. Ku kituna, unggal manusa kudu bisa ngidéntifikasi kontéks jeung situasi omongan nu sarua (Sunarwan, spk., 2014, kc. 2). Pikeun paham kana référénsi, hiji manusa tangtuna

kudu paham kana déiksis sabab, déiksis jeung acuan téh raket patalina. Satuluyna pikeun maham jeung bisa nangtukeun dina hiji omongan aya henteuna sipat déiksis, tangtuna perlu paham kalawan jero tur lega ngeunaan omongan. Saluyu jeung pamadegan nu diébréhkeun ku Yule (2020, kc. 14), sangkan bisa nafsirkeun hiji déiksis dina sakabéh ucapan téh, éta gumantung pamahaman nafsirkeun ti panyatur jeung pangregepna sorangan dina kontéks nu sarua.

Nurutkeun Sudaryat (2020, kc. 97), déiksis mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Sedengkeun nurutkeun Purwo (1984, kc. 1), hiji kecap boga sipat déiksis lamun référéntia robah atawa ganti tempat, gumantung saha nu jadi panyatur sarta gumantung kana situasi tempat lumangsungna éta ucapan. Dumasar kana wandana déiksis kabagi jadi dua, nyaéta déiksis éksoforis (déiksis persona; déiksis temporal; déiksis lokatif; déiksis sosial), sarta déiksis éndoforis (déiksis anaforis jeung déiksis kataforis). Nurutkeun Sudaryat (2020, kc. 97), déiksis éksoforis mangrupa déiksis anu nuduhkeun naon-naon anu aya di luareun wacana atawa téks, aya sababaraha rupa déiksis éksoforis, nyaéta (1) déiksis persona, (2) déiksis temporal, (3) déiksis lokatif, jeung (4) déiksis sosial.

Anapon cara nepikeun rasa jeung ma'na bisa ngaliwatan basa lisan jeung basa tulisan. Basa lisan digunakeun waktu hiji manusa ngayakeun paguneman ka manusa lianna sacara langsung, sedengkeun basa tulisan bisa dilakukeun ngaliwatan média tulis. Anu kaasup média tulis téh nyaéta buku, koran, sarta karya sastra saperti novél jeung carpon. Dina karya sastra saperti novél, biasana pangarang sok nyaritakeun tokohna saluyu jeung kahirupan sapopoé, nu bisa nepikeun amanat, watek tokoh, galur, latar, sarta unsur-unsur intrinsik lianna, ka pamiarsa ngaliwatan wangun tulisan atawa média basa anu teu langsung.

Nurutkeun Badudu & Zain (dina Lubis, 2013, kc. 2-3), novél mangrupa karangan dina wangun prosa ngeunaan peristiwa anu patalina jeung kahirupan manusa saperti kajadian dina kahirupan sapopoé, boh sangsara boh senang atawa ngeunaan watek jeung jiwana. Béda jeung carpon, eusi carita dina novél leuwih panjang anu ngabalukarkeun eusi caritana ogé leuwih kompléks. Salah sahiji novél anu ngagambarkeun carita kahirupan dina jaman kiwari nyaéta novél *Jangji Asih* karya

Aam Amilia. Ieu novél nyaritakeun kahirupan rumaja jaman kiwari anu henteu percaya kana kaayaan dirina. Dina ieu novél tangtu aya déiksis éksoforis, faktana aya dina bagian 1 (paragraf 1, kaca 5).

“Baréto mah, keur barang asup ka sakola ieu, tangkal bougenville téh kakara ceb, péndék kénéh, daunna gé carang-carang acan.”.

Dina sempalan novél di luhur aya kecap ‘baréto’ nu mangrupa déiksis éksoforis temporal, ku sabab éta déiksis nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian anu geus kaliwat jauh pisan. Tuluy aya kecap ‘ieu’ nu mangrupa déiksis lokatif, sabab éta déiksis dipaké pikeun nuduhkeun perenahna hiji hal atawa barang nu deukeut. Ku kituna, tangtu dina ieu novél miboga loba pisan wanda déiksis éksoforis nu bakal ka panggih.

Panalungtikan ngeunaan déiksis di antarana waé kungsi dilaksanakeun saméméhna ku (Nessa Fauzy Rahayu, 2015) nu judulna “Déiksis Anaporis Jeung Déiksis Kataporis dina Majalah Manglé”, sok sanajan sarua ngeunaan déiksis tapi bédana éta panalungtikan téh medar ngeunaan déiksis anaporis jeung kataporis anu aya dina déiksis éndoforis sarta sumber datana mangrupa majalah manglé. Tuluy aya (Naufal Julian R, 2017) “Antésédén tina Déiksis Sosial dina Novél *Tri Tangtu di Bumi*”, éta panalungtikan téh ngeunaan antésédén dina déiksis sosial anu sumber datana sarua nyaéta novél. Tuluy (Lelly Pratiwi, 2017) nu judulna “Déiksis Éndoforis dina Wacana Rubrik “Lensatama” Koran Galura Pikeun Bahan Pangajaran Maca Warta Di SMP (Tilikan Pragmatik)”, éta panalungtikan leuwih museur kana déiksis éndoforis dina sumber data mangrupa wacana rubrik “Lensatama” koran Galura sarta pikeun bahan pangajaran maca warta di SMP.

Ditilik dina panalungtikan saméméhna, katitén loba pisan anu nalungtik ngeunaan déiksis. Tangtuna dina ieu panalungtikan téh miboga sasaru jeung bébédaan. Sasaruana nyaéta nalungtik ngeunaan widang pragmatik hususna déiksis sarta aya nu sarua dina sumber datana nyaéta dina wangun karya sastra, sedengkeun bédana nyaéta ieu panalungtikan téh leuwih museur kana déiksis éksoforis anu aya dina wangun karya sastra novél. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Déiksis Éksoforis dina Novél *Jangji Asih Karya Aam Amilia (Ulikan Pragmatik)*”, penting jeung perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, dina ieu panalungtikan ditepikeun tilu rumusan masalah.

- 1) Déiksis éksoforis naon waé anu aya dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha wanda déiksis éksoforis nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?
- 3) Naon waé ma'na déiksis éksoforis nu nyampak dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan tangtu aya udagan nu kudu dipikahontal, sarta kudu hadé tur luyu jeung naon nu dipiharep tina kasang tukang jeung rumusan masalah. Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah-masalah anu geus dirumuskeun, tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngadéskripsikeun déiksis éksoforis nu aya dina Novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga udagan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) déiksis éksoforis dina Novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia;
- 2) wanda déiksis éksoforis dina Novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia; jeung
- 3) ma'na déiksis éksoforis dina Novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga mangpaat nu dipiharep, ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban jeung ngajembaran tiori kabasaan widang pragmatik, hususna ngeunaan déiksis éksoforis sarta dipiharep ieu panalungtikan bisa méré warna anyar dina widang élmu pragmatik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun panalungtik, nu maca, guru, jeung murid.

1) Mangpaat pikeun panalungtik

Pikeun panalungtik dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu déiksis éksoforis, hususna ngeunaan wanda jeung ma'na. Salian tina pangaweruh ngeunaan élmuna, ieu panalungtikan téh jadi pangalaman pikeun panalungtik dina widang kabasaan.

2) Mangpaat pikeun nu maca

Pikeun nu maca dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi wadah pikeun ngajembaran jeung référénsi pikeun nu maca. Sarta ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan ka hareupna anu baris dilaksanakeun.

3) Mangpaat pikeun guru

Pikeun guru dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi pikeun kabasaan anu aya dina déiksis hususna novél.

4) Mangpaat pikeun murid

Pikeun murid dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi référénsi ngeunaan kabasaan dina déiksis anu biasana dipaké dina kahirupan sapopoé sarta aya dina pangajaran basa Sunda hususna widang pragmatik.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan nu mangrupa skripsi téh diwangun ku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang ieu panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat ieu panalungtikan nu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan dina ieu skripsi.

Bab II Ulikan Téori Déiksis Éksofori dina Novél, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu ngarojong kana analisis ieu panalungtikan, anu ngawengku tiori déiksis dina novél, tiori déiksis, jeung tiori novél.

Bab III Metode Panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan métode nu dipaké dina ieu panalungtikan, nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil jeung pedaran tina ieu panalungtikan dumasar kana tiori-tiori nu geus dipedar saméméhna.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa panutup nu ngawengku kacindekan tina panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.